

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku: métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan, wangenan operaional sarta populasi jeung sampel.

3.1 Métode panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif korélasional. Arikunto (2010 :3) métode déskriptif nya éta: “...*penelitian yang dimaksud untuk menyelidiki keadaan, kondisi, situasi, peristiwa, kegiatan, dan lain-lain, yang hasilnya dipaparkan dalam bentuk laporan penelitian.*”

Métode déskriptif digunakeun pikeun lantaran hayang manggihan masalah-masalah anu disanghareupan sarta pikeun nalungtik kajadian-kajadian atawa pasualan-pasualan anu lumangsung.

Métode korélasional numutkeun Arikunto (2010:4) nya éta: “*penelitian korelasional adalah penelitian yang dilakukan oleh peneliti untuk mengetahui tingkat hubungan antara dua variabel atau lebih, tanpa melakukan perubahan, tambahan atau manipulasi terhadap data yang memang sudah ada.*”

Métode deskriptif korélasional digunakeun pikeun ngadéskripsikeun ngeunaan kompetensi jeung performansi ngadongéng siswa kelas X SMAN 20 Bandung. Luyu jeung tujuan nu rék di hontal métode déskripsi korélasional miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun sakabéh data anu geus ngumpul anu satuluyna di déskripsikeun sarta ngadéskripsikeun sacara sistematis, faktual, jeung akurat.

3.2 Téhnik panalungtikan

3.2.1 Téhnik ngumpulkeun data

Téhnik anu digunakeun nya éta observasi ku cara tés. Tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa dina ngadongéng anu ngawengku kompetensi linguistik jeung performansi.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun statistik deskriptif. Statistik déskriptif digunakeun pikeun ngolah skor, nafsirkeun skor, uji korélasi jeung uji hipotésis.

1) Ngolah skor

Ngolah skor tés kamampuh ngadongéng anu dilakukeun, nya éta saperti ieu di handap.

- a) Nangtukeun skor atah kotor (SAK)
- b) Ngolah skor atah jadi skor standar kalawan maké rumus

$$\text{Skor standar} = \frac{\text{Skor anu di hontal}}{\text{Skor idéal}} \times 10$$

Cara ngolah skor kompetensi linguistiknya éta maké tabél ieu di handap.

Tabel 3.1

Format Skor Komponén Kompetensi Linguistik

No	Kompetensi Linguistik					Jumlah Skor
	Lentong	Diksi	Lafal	Korelasi Eusi Pedaran	Struktur kalimah	
	skor	skor	skor	skor	skor	

1						
2						
Jumlah						
Rata-rata						

Cara ngolah skor performansi nya éta maké tabél ieu di handap.

Tabel 3.2
Format Skor Komponén Performansi

No	performansi			Jumlah Skor
	Kawani	Tagog/gerak- gerik	Pasemon	
	Skor	Skor	Skor	
1				
2				
jumlah				
Rata-rata				

Sanggeus ngolah skor kompetensi linguistik jeung performansi satuluyna digabungkeun jadi skor komponén gabungan. Pikeun mikanyaho kamampuh siswa digunakeun pendekatan dina skala 10, cara ngolah skor gabungan nya éta ieu di handap:

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{Skor anu di hontal}}{\text{Skor idéal}} \times 10$$

Cara ngolah skor komponén gabungan nya éta maké tabél ieu di handap.

Tabel 3.3
Format Skor Komponén Gabungan

Nomer Responden	Skor kompetensi linguistik	Skala 10	Skor performansi	Skala 10	Skor gabungan	Skala 10
1						
2						
Jumlah						
Rata-rata						

2) Uji korélasi

Téhnik korélasi anu di paké nya éta téhnik korélasi product moment. Ngitung korelasina ngagunalkeun rumus ieu di handap:

$$R_{xy} = \frac{N \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{[N \sum X^2 - (\sum X)^2][N \sum Y^2 - (\sum Y)^2]\}}}$$

Keterangan

R x y = koéfisien korélasi anu di paluruh

N = jumlah subjék

X = skor tés ngadongéng (kompetensi linguistik)

Y = skor tés ngadongéng (performansi)

3) Uji Signifikansi

Sanggeus nagtukeun korélasi antara kompetensi linguistik jeung performansi dina ngadongéng, satuluyna di uji hipotésis make rumus t-tés

$$t = r \frac{\sqrt{(N - 2)}}{\sqrt{1 - r^2}}$$

Keterangan:

t = hipotésis

Deden Herdiana, 2013

KORÉLASI ANTARA KOMPETENSI JEUNG PERFORMANSI NGADONGÉNG SISWA KELAS X SMAN 20 BANDUNG TAUN AJAR 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

r = korélasi anu geus di itung

n = lobana subjék

Pikeun ngajawab hipotésis digunakeun babandingan ngitung jeung tabél, upama t hitung leuwih gedé ti t tabél ($t_h > t_t$) éta hipotésis di tarima, hartina aya hubungan anu signifikan antara variabel x jeung variabel y kitu deui sabalikna. Pikeun maluruh luhur handapna korélasi bisa kaciri dina tabél ieu di handap :

Tabél 3.4
Tabél interprétasi Nilai r

Besar Nilai r	Interprétasi
Antara 0,800 s.d 1,00	Tinggi
Antara 0,600 s.d 0,800	Cukup
Antara 0,400 s.d 0,600	Agak rendah
Antara 0,200 s.d 0,400	Rendah
Antara 0,000 s.d 0,200	Sangat rendah (tak korélasi)

(Arikunto, 2010 :319)

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan mangrupa alat anu kacida diperlukeuna, lantaran hasil panalungtikan téh dipangaruhan pisan ku instrumen anu digunakeun, salian ti ngagunakeun parentah sacara langsung mangrupa tés ngadongéng, ogé ngagunakeun téhnik observasi pikeun ngumpulkeun data ku cara nyaksian kana jejer panalungtikan sacara langsung.

1) Tés

Tes ngagunakeun pancén lisan. Saméméh prak-prakan ngadongéng panguji méré pertanyaan jeung paréntah lisan sacara langsung, pertanyaan jeung parentah lisan sacara langsung anu di tepikeun nalika panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Kumaha hidep sadaya resep teu kana dongéng sunda?
- 2) Hidep sadaya kantos di ajar ngeunaan dongéng?

Deden Herdiana, 2013

KORÉLASI ANTARA KOMPETENSI JEUNG PERFORMANSI NGADONGÉNG SISWA KELAS X SMAN 20 BANDUNG TAUN AJAR 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Guru hidep kantos ngajelaskeun pangajaran dongéng jeung ngadongéng?
 - 4) Cik naon bédana dongéng jeung ngadongéng?
 - 5) Cik kumaha cara ngadongéng anu hadé?
 - 6) Hidep sadaya kantos teu ngadongéng di payuneun kelas?
 - 7) Tah ayeuna pék hidep dipasih anu pancén ngadongéng dipayuneun kelas dipasih waktos 30 menit pikeun ngapalkeun, dongéng na dongéng sasakala, mangga bébas badé dongéng sasakala naon waé anu sakirana hidep apal kana éta dongéng kalayan ngagunakeun lafal, intonasi, diksi sarta performansi anu hadé.
- 2) Format observasi penilaian ngadongéng pikeun ngukur jeung meunteun hadé goréngna dina lumangsungna tés ngadongéng.

Tabél 3.5

FORMAT PENILAIAN DONGÉNG

Wasta :

Kelas :

Waktu :

Judul dongéng :

Aspek Ngadongéng anu Diukur	1	2	3	4	5	Bobot	Skor
A. Kompetensi Basa							
a. Intonasi/Lentong						2	
b. Diksi						1	
c. Lafal						1	
d. Korélasi eusi Pedaran Jeung Jejer						2	
e. Struktur Kalimah						1	
B. Performansi							
a. Kawani						1	

Deden Herdiana, 2013

KORÉLASI ANTARA KOMPETENSI JEUNG PERFORMANSI NGADONGÉNG SISWA KELAS X SMAN 20
BANDUNG TAUN AJAR 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

b. Tagog/gerak-gerak						1	
c. Pasemon						1	
Jumlah						10	

Panguji

Keterangan :

Skor total tes ngadongéng nya éta 50. Skor éta hasil jumlah kompetensi linguistik jeung performansi nya éta kompetensi linguistik $7 \times 5 = 35$, skor performansi $3 \times 5 = 15$, jadi skor total nya éta $35+15 = 50$.

Déskripsi aspek-aspek kamampuh ngadongéng ieu dijieun sangkan prosés ngajen unggal aspek-aspek dilaksanakeun kalayan taliti jeung objéktif. Di handap ieu di déskripsikeun aspek kamampuh ngadongéng dina format penilaian ngadongéng.

a. Kompetensi linguistik

1) Intonasi/lentong

5 = Lentong (tekanan, wirahma jeung randegan) sampurna

4 = Lentong alus teu mengpar jeung ngadeukeutan sampurna

3 = Aya saeutik lentong nu kurang mernih

2 = Lentong nu teu mernih rada sering

1 = Loba lentong nu teu mernih

2) Diksi

5 = Diksi nu di gunakeun mernih pisan tur sampurna

4 = Diksi mernih tur ngadeukeutan sampurna

3 = Aya saeutik diksi nu digunakeun nu teu mernih

2 = Rada sering dina diksi nu salah

1 = Diksi nu digunakeun loba nu salah

3) Lafal

5 = Lafal unggal basa bersih, jelas, euweuh kasalahan, sampurna.

4 = Euweuh kasalahan, teu mengpar jeung ngadeukeutan sampurna

3 = Aya saeutik kasalahan dina lafal

2 = Kasalahan dina lafal rada sering

1 = Loba kasalahan

4) Korélasi eusi pedaran jeung jejer

5 = Eusi pedaran jeung jejer nyambung tur sampurna

4 = Eusi pedaran jeung jejer ngadeukeutan sampurna sampurna

3 = Aya saeutik nu mengpar antara eusi pedaran jeung jejer

2 = Loba nu mengpar tina eusi pedaran jeung jejer

1 = Eusi pedaran jeung jejer teu nyambung pisan

5) Struktur kalimah

5 = Struktur kalimah ti awal nepi ka ahir mernah tur sampurna

4 = Struktur kalimah ngadeukeutan sampurna

3 = Aya saeutik nu nu teu mernah dina struktur kalimah

2 = Rarada sering nu teu mernah dina struktur kalimah

1 = Loba nu teu mernah dina struktur kalimah

b. Performansi

6) Kawani

5 = wanian pisan, teu éraan sarta sampurna

4 = Kawani lumayan tur ngadeukeutan sampurna

3 = rada éraan

2 = Éraan pisan

1 = Éraan pisan tur kapaksa dina ngadongéng na ogé

7) Tagog jeung gerak-gerik

5 = Tagog jeung gerak-gerik alus tur teu kaleuleuwihi

4 = Tagog jeung gerak-gerik teu kaleuleuwihi

3 = Aya saeutik tagog teung gerak-gerik nu teu mernah

2 = Tagog jeung gerak-gerik sering pisan nu teu mernah

Deden Herdiana, 2013

KORÉLASI ANTARA KOMPETENSI JEUNG PERFORMANSI NGADONGÉNG SISWA KELAS X SMAN 20 BANDUNG TAUN AJAR 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1 = Loba pisan tagog jeung gerak-gerik nu teu mernah

8) Pasemon

5 = Pasemon luyu jeung suasana dongeng, ngirut pamiarsa sarta sampurna

4 = Pasemon ngadeukeutan sampurna

3 = Pasemon rada kurang cocok

2 = Pasemon loba nu kurang mernah ka pamiarsa

1 = Pasemon sama sakali teu ngirut pamiarsa

3.4 Wangenan Operasional

- 1) Korélasi nya éta *hubungan antara variabel* nu hiji (x) jeung *variabel lain* (y). Korélasi dina ieu panalungtikan nya eta salasihiji téhnik statistik pikeun néangan patalina antara Variabel x (kompetensi linguistik dina ngadongéng) jeung Variabel y (performansi dina ngadongéng)
- 2) Kompetensi linguistik nya éta kamampuh dina ngawasa basa dina ngadongéng anu ngawengku ucapan, lentong, korélasi eusi pedaran jeung jejer, diksi jeung lafal.
- 3) Performansi nya éta kamampuh dina ngawasa kamampuh éksprési, kamampuh maham eusi, kawani, tagog jeung gerak-gerik, sarta pasemon.
- 4) Ngadongéng nya éta kagiatan nepikeun eusi caritaan ti hiji jalma ka jalma séjén anu di jerona aya tokoh, latar, jeung alur caritaan ku cara lisan.
- 5) Dongéng mangrupa carita rayat anu tumuwuh jeung sumebar sacara lisan dina wangun prosa (lancaran) wangun na parondok, loba pamohalanana, sarta tara kapaluruh saha nu ngarangna.

3.5 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.5.1 Populasi

Populasi nya éta sakabeh subjek anu di talungtik (Arikunto, 2010: 173). Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing kamampuh ngadongéng anu ngawengku kompetensi basa jeung performansi siswa SMAN 20 Bandung. Subjek dina ieu panalungtikan nya éta sakabeh siswa kelas X SMAN 20 Bandung anu jumlahna aya sapuluh kelas. Tapi, aya sababaraha tinimbangan saperti samporétna

Deden Herdiana, 2013

KORÉLASI ANTARA KOMPETENSI JEUNG PERFORMANSI NGADONGÉNG SISWA KELAS X SMAN 20 BANDUNG TAUN AJAR 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

waktu, waragad sarta kaayaan siswa, nu jadi objék dina panalungtikan ngabalukarkeun ieu panalungtikan perlu diwatesanan.

Dumasar kana hal di luhur, objék panalungtikan diwatesanan nya éta sakabeh kelas X anu jumlahna 396 siswa anu kabagi jadi 10 kelas ti mimiti X A nepi ka X J

Tabél 3.6

Jumlah Siswa Kelas X SMAN 20 Bandung

Kelas	Jumlah Siswa		Jumlah keseluruhan siswa
	Lalaki	Awéwé	
X A	21	17	38
X B	20	18	38
X C	19	19	38
X D	25	20	45
X E	22	18	40
X F	23	17	40
X G	25	15	40
X H	21	19	40
X I	26	19	45
X J	14	18	32
Jumlah	215	181	396

3.5.2 Sampel

Sampel nya éta sabagian atawa wawakil populasi anu rék di talungtik. Tina populasi di luhur pikeun nagtukeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta make random sampel atawa sampel acak. Nurutkeun Arikunto (2006: 134) nya éta lamun subjekna kurang ti 100, alusna di cokot kabéh nepi ka panalungtikana mangrupa panalungtikan populasi. Tapi, mun jumlah subjekna loba, bisa di cokot 10-15% atawa leuwih, gumantung sahenteuna tina (1) kamampuh panalungtik

ditingali tina waktu, tanaga jeung waragad, (2) heureut legana wilayah panalungtikan tina unggal subjék, (3) gedé leutikna resiko nu ditanggung panalungtik.

Dumasar kana hal-hal di luhur, sampel dina ieu panalungtikan ditangtukeun ngan 11% tina populasi anu geus ditangtukeun nya éta 45 siswa pikeun dijadikeun sampel. Carana nya éta di undi saperti arisan, kertas meunang nyoékeun, ditulis ku ngaran kelas X nu aya di SMAN 20 Bandung, nya éta kelas X A-X J terus unggal kertas di gulung-gulung tuluy diasupkeun kana paranti undian, terus di undi nepikeun ka kaluar kelas X I, anu kabeneran siswa na 45 urang, nya éta 26 lalaki, 19 awéwé.

Tabél 3.7
Jumlah Siswa Kelas X I

Kelas	lalaki	Awéwé	Jumlah
X I	26	19	45